



Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri rele:

Pwogram Tande pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Maine CDC (Maine  
CDC Newborn Hearing Program)

207-287-5357 (V) or 1-800-698-3624 (V)

Ranplasman Maine: **rele 711**

Ale sou sitwèb nou an:

<https://bit.ly/cdc-mnhp>

Pou kòmande lòt kopi nan piblikasyon sa a:

<https://bit.ly/order-screening-brochure>

Pou wè yon vèsyon sou entènèt la, tanpri eskane kòd sa a:



#### AVI KONT DISKRIMINASYON

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal yo respekte lwa Federal ak Nasyonal ki anvigè anrapò ak dwa sivil yo epi yo pa fè okenn diskriminasyon sou baz andikap, ras, koulè, sèks, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, orijin nasyonal, kwayans relijye oswa politik, zansèt, sitiyoasyon famiyal oswa matrimonyal, enfòmasyon jenetik, asosyasyon, ansyen revandikasyon pou yon reklamasyon oswa yon dwa, oswa aktivite antanke denonsyatè, nan admisyon oswa aksè ak politik li yo, pwogram, sèvis, oswa aktivite, oswa nan fonksyonman potitik sa yo, oswa nan pratik anbochaj oswa travay.

*Dènye modifikasyon: Janvye 2023*



# Kapasite pou Tibebe yo ak Jèn Timoun yo Tande: Yon Gid pou Fanmi yo



# Pwogram Tande pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Maine yo

Pwogram Tande pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Maine yo bay fanmi yo enfòmasyon sou tè depistaj pou tande, evalyasyon swivi, ak entèkansyon bonè ak sèvis sipò pou fanmi yo. Lopital nan Maine yo fè tè depistaj pou tande kou tibebe yo fèk fèt. Si lopital la pa ka fè tè depistaj pou tande a, yo dwe ede ou fè aranjman pou fè tè depistaj la yon lòt lè. Si tibebe ou a pa t fèt nan yon lopital nan Maine, pale ak founisè swen sante tibebe ou a sou tè depistaj pou tande oswa kontakte Pwogram Tande pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Maine yo pou plis enfòmasyon.

## Poukisa li enpòtan pou yo fè tè tande pou tibebe mwen an?

Li enpòtan pou ou konnen tout diminyasyon ki genyen nan kapasite pou tande timoun nan pi vit posib, paske sa pral pèmèt founisè yo bay yon timoun èd espesyal ki nesèsè pou langaj ak devlopman sosyal.

Pèdi nan kapasite pou tande se pwoblèm yo jwenn pi plis lakay tibebe Ozetazini epi li afekte 1 a 3 tibebe sou 1,000 ki fèt chak ane. San tè fòmèl yo, li pa toujou posib pou ou konnen si yon timoun pèdi nan kapasite pou tande lè ou annik pale avè l.

De (2) premye ane nan lavi yon timoun enpòtan anpil pou devlopman pawòl ak langaj li. Etid yo montre anvan tè depistaj inivèsèl ki gen rapò ak kapasite pou tande lakay tibebe ki fèk fèt yo, pifò timoun ki pèdi nan kapasite pou yo tande yo pa t idantifye jiskaske yo te gen plis pase dezan. Nan laj sa a, pifò timoun ki tande yo konprann anpil lang yo pale yo, epi anpil nan yo te kòmanse pale.

## Rezilta tè depistaj sou kapasite pou tande anrapò ak tibebe ou a:

Dat tè depistaj pou tande a: \_\_\_\_\_

- Reyisi;** pa gen okenn lòt tè ki nesèsè pou moman sa a
- Reyisi ak Faktè Risk yo;** y ap bezwen fè plis tè, gade anba a pou ou jwenn enfòmasyon sou randevou swivi yo
- Pa Reyisi;** y ap bezwen fè plis tè, gade anba a pou ou jwenn enfòmasyon sou randevou swivi yo
- Yo pa t fin fè tè depistaj pou tande a;** gade anba a pou ou jwenn enfòmasyon sou randevou swivi yo
- Rezon ki fè tè depistaj la pa t fini:**

## Yo te pwograme yon randevou pou tibebe ou a pou yon:

- Tè depistaj pou tande**  **Evalyasyon pou swivi**

Dat: \_\_\_\_\_ Lè: \_\_\_\_\_

Founisè (Sèvis Swen Entansif pou Tibebe, Odyològ):

Adrès:

Si ou bezwen repwograme, tanpri rele:

Oswa voye imèl, tèks, oswa kontakte sou sit entènèt:

## Resous nan tout Eta a

**Sèvis Devlopman Timoun** (Child Development Services, CDS) se Ajans Prensipal nan eta Maine ki responsab pou bay Sèvis Entèkansyon Bonè (nesans jiska 2 zan) ak Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye yo (laj 3 jiska 5 ane) ann amoni ak Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) anba sipèvizyon Depatman Edikasyon Maine. Yo bay Sèvis Entèkansyon Bonè ann amoni ak Pati C nan IDEA lè yo sèvi avèk sèvis ki baze sou prèv nan anviwònman natirèl pou tibebe ak timoun piti ki gen reta nan devlopman ak andikap ansanm ak fanmi yo. Ekip Entèkansyon Bonè ki soti nan sit reyjyonal CDS la sipòte fanmi an ak lòt moun k ap bay swen prensipal yo nan ogmante angajman, endepandans, ak relasyon sosyal timoun nan selon abitud li ak aktivite ki konn fèt chak jou yo. Yo bay Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye yo nan Pati B nan IDEA epi asire timoun yo idantifye yo resevwa yon Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (Free Appropriate Public Education FAPE). Yo bay fanmi yo sèvis yo gratis.

Biwo Santral, Augusta  
207-624-6660

Sèvis Devlopman Timoun  
146 State House Station  
Augusta, ME 04333

**Sèvis Fanmi ak Entèkansyon Bonè** (Early Intervention and Family Services, EIFS), yon depatman nan Sant Edikatif nan Maine Pou Moun ki Soud ak Moun ki Tande Di (Maine Educational Center for the Deaf and Hard of Hearing, MECDHH), konsantre sou sipòte fanmi ki gen timoun ki soud oswa ki tande di oswa timoun yo sispèk ki pèdi nan kapasite pou l tande a. An kolaborasyon ak CDS, EIFS sipòte fanmi ak pwofesyonèl nan tout Eta a pou asire timoun ki soud oswa ki tande di yo ansanm ak fanmi yo resevwa bonjan kalite sèvis. EIFS bay enfòmasyon konplè, san patipri pou sipòte fanmi yo nan pran desizyon ki eklere ki koresponn ak valè yo ansanm ak priyorite yo, epi pou asire gen sipò ki disponib pou ede nan atenn objektif fanmi an. EIFS disponib pou fanmi timoun ki soud oswa ki tande di depi nesans jiska twazyèm anivèsè nesans yo. Yo bay fanmi yo sèvis yo gratis.

1-866-231-8910 oswa  
207-781-6335 (Apèl Vokal)

Entèkansyon Bonè ak Sèvis Familyal  
1 Mackworth Island  
Falmouth, ME 04105

**Pwogram Tande pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Maine (Maine Newborn Hearing Program, MNHP)**, fè pati Depatman Sante ak Sèvis Sosyal nan Maine CDC. MNHP kowòdone pwogram tès depistaj tande pou tibebe ki fèk fèt yo ak evalyasyon swivi pou tibebe ki pa t pase tès depistaj pou tande a oswa ki bezwen fè lòt tès, epi li disponib pou fanmi yo ak pwofesyonèl yo pou yo jwenn enfòmasyon sou resous ak referans yo. Yo bay fanmi yo sèvis yo gratis. Pou jwenn plis enfòmasyon kontakte:

207-287-8427 oswa  
1-800-698-3624 (mesaj vokal)  
Ranplasman Maine: **rele 711**

Pwogram Tande pou Tibebe ki Fèk Fèt nan Maine yo  
Key Bank Plaza, 7yèm Eta  
286 Water Street Augusta, ME 04333-0011

## Ki jan yo fè tès depistaj pou tande a, konbyen tan li pran, epi èske l ap fè tibebe m nan mal?

Yo mete son lejè nan zòrèy tibebe ou a grasa ekoutè oswa lòt aparèy pou koute. Yo mete elektwòd ki sanble ak etikèt sou tèt tibebe ou a. Elektwòd yo kapte repons son sa yo. Yo bay rezilta a sou fòm REYISI oswa REFERE. Yo fè tès depistaj sa a lè tibebe ou a ap dòmi oswa lè l rete kalm epi li ka pran 15 minit sèlman. Li p ap fè tibebe ou a mal.

## Kisa REYISI oswa REFERE vle di?

Si tibebe ou a gen yon rezilta REYISI, sa vle di kapasite pou tibebe ou a tande a te nòmal nan moman tès depistaj la. Si tibebe ou a gen yon rezilta REFERE, tibebe ou a bezwen fè yon tès swivi. Sa pa etranj. Gen kèk bagay ki ka pètibe tès depistaj la, tankou likid nesans nan twou zòrèy la oswa bri nan zòn tès la. Yon rezilta REFERE ka vle di tou tibebe ou a pèdi nan kapasite pou l tande a. Si tibebe ou a bezwen yon tès swivi, anplwaye lopital la ap pataje detay sou randevou a nan paj 7 ti liv sa a, oswa ak founisè swen prensipal tibebe ou a.

## Kisa ki siy pèdi nan kapasite pou tande a epi kisa mwen ka fè pou tibebe mwen an?

Rezilta tès depistaj pou tande a montre kijan tibebe ou a t ap tande nan jou sa a. Antanke paran, ou konnen tibebe ou a pi byen, epi ou pral vle kontwòle kapasite pou tande ak lapawòl tibebe ou a pandan l ap grandi. Ou ka jwenn kèk konsèy nan de (2) paj ki vin annapre yo. Konsève ti liv sa a pou ede ou evalye kapasite pou tande tibebe ou a jiska laj 2 zan. Si ou gen yon enkyetid konsènan kapasite tibebe ou a genyen pou l tande nenpòt kilè, pale ak founisè swen prensipal tibebe ou a.

## Tibebe ou a ta dwe

## Ou ta dwe

Nesans rive 3 mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sote akoz yon bri byen fò sanzatann.</li> <li>Kalme oswa ede pitit ou a rete trankil ak vwa ou.</li> <li>Sifle, fè wòwònman, ri</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Chak fwa tibebe ou a fè bri, ranfòse efò li fè yo yon fason ki pozitif, lè ou imite li.</li> <li>Kenbe tibebe ou a toupre ou. Karese l, chante, pale dousman, epi li pou li.</li> <li>Pale ak tibebe ou a lè ou sèvi ak non li pandan ou ap travay nan kay la.</li> </ul>	Nesans rive 3 mwa
3 jiska 6 mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li vire tèt li oswa deplase je l pou l jwenn yon vwa li abitye.</li> <li>Jwe nan fè bri ak son.</li> <li>Tankou jwèt ki fè bri.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Koute epi imite son tibebe ou a. Asire ou bay tibebe ou a tan pou l reponn.</li> <li>Kenbe tibebe ou a toupre ou. Chante, rakonte istwa, epi pale sou jwèt ak lòt bagay lakay ou.</li> <li>Jwe jwèt tankou "Peek-a-boo" oswa "Pat-a-cake".</li> </ul>	3 jiska 6 mwa
6 jiska 9 mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Reponn nan pwòp non li.</li> <li>Kòmanse konprann mo yo itilize souvan tankou "non," ak "bye-bye."</li> <li>Imite lapawòl lè ou fè son tankou touse, klake lang oswa soufle.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fè son ki senp pou ou wè si tibebe ou a ap imite yo (bah-bah, gah-gah).</li> <li>Veye pou ou wè si tibebe ou a di "Mama" oswa "Dada".</li> <li>Pale ak tibebe ou a sou jwèt li yo ak sou bagay ki nan lakay la. Fè jwèt chante.</li> <li>Montre foto nan liv li yo epi pale sou yo.</li> </ul>	6 jiska 9 mwa
9 jiska 12 mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Repete mo senp ak son ou fè.</li> <li>Montre oswa rive jwenn objè abityèl yo lè yo mande yo.</li> <li>Reyaji yon fason diferan ak pawòl ki fè moun kontan oswa ki fè moun fache.</li> <li>Swiv enstriksyon senp.</li> <li>Konprann anviwon 50 mo.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Montre tibebe ou a pati nan kò li yo, "Men nen, je, zòrèy tibebe a," elatriye.</li> <li>Montre liv ki gen foto ki senp, ede l vire paj yo, pale sou foto yo.</li> <li>Jwe: "Kote Papi? (Manmi?)" epi lonje dwèt sou Papa (Manmi). "Kote chyen an? (oswa yon jwèt)," "Kisa chyen an di? Bow-wow."</li> </ul>	9 jiska 12 mwa
12 jiska 18 mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Bouje lè gen mizik.</li> <li>Pale yon fason pou ou fè fraz, sèvi ak kèk mo ki fasil pou konprann.</li> <li>Idantifye moun, pati nan kò yo, ak jwèt yo.</li> <li>Pran plezi tande istwa li awotvwa.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konprann ou lè ou rele nan yon lòt chanm.</li> <li>Montre pati nan kò yo lè ou mande yo.</li> <li>Kòmanse pale lè ou ap melanje de (2) mo, tankou "Manmi, ak lòt ankò!"</li> <li>Li chwazi kèk liv epi li pote yo ba ou.</li> <li>Konprann 250 jiska 500 mo (apati 24 mwa).</li> </ul>	12 jiska 18 mwa
18 jiska 24 mwa	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konprann ou lè ou rele nan yon lòt chanm.</li> <li>Montre pati nan kò yo lè ou mande yo.</li> <li>Kòmanse pale lè ou ap melanje de (2) mo, tankou "Manmi, ak lòt ankò!"</li> <li>Li chwazi kèk liv epi li pote yo ba ou.</li> <li>Konprann 250 jiska 500 mo (apati 24 mwa).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Li istwa senp pou pitit ou a epi poze kesyon "Kote chat la?" epi montre foto a.</li> <li>Bay enstriksyon, "Metete poupe a sou chèz la," "Metete boul la nan bwat la."</li> </ul>	18 jiska 24 mwa